



Pou Piblikasyon Imedya: 13/04/2026

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 30 PRIM NAN TOUT ETA A KI TOTALIZE 25 MILYON DOLA POU ELAJI KLINIK SANTE YO AK AMELYORE AKSÈ AK SÈVIS SWEN SANTE POU MOUN KI GEN ANDIKAP DEVLOPMANTAL YO

Sant Sante Oral nan Fakilte Medsin Dantè Inivèsite Nouyòk pou Moun ki gen Andikap, ki se pi gwo benefisyè a, te resevwa 5 milyon dola pou amelyore sante oral moun ki gen andikap yo

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a 30 prim ak yon investisman 25 milyon dola pou ede adrese ekite nan sante pou moun ki gen andikap devlopmantral ki souvan jwenn li difisil pou jwenn swen sante konplè ki satisfè bezwen yo. Yo te anonse inisyativ enpòtan sa a nan tout eta a kòm yon pati nan Diskisyon Eta Leta a pou 2025 Gouvènè Hochul la epi yo te mete l an vigè nan Bidjè Ane Fiskal 2026 la. Biwo pou Moun Ki Gen Andikap Devlopmantral (Office for People With Developmental Disabilities, OPWDD) Eta Nouyòk te priyore prim yo dapre pwojè ki gen rapò ak elaji aksè ak swen dantè, amelyore espas dyagnostik fizik pou pi byen akomode chèn woulant, kreye zòn ki adapte ak sansoryèl pou pasyan newo-divèsifye yo, ak amelyore aksè ak sèvis sante fizik espesyalize nan "dezè swen sante."

"Anba administrasyon mwen an, n ap pran mezi pou nou diminye diferans ki genyen nan ekite nan sante pou Nouyòkè ki andikape yo", **Gouvènè Hochul te deklare.**

"Finansman sa a pèmèt founisè swen sante nan Nouyòk yo fè amelyorasyon ki chanje lavi ekipman ak espas etablisman yo pou adrese kèk nan bezwen aksè sante dantè ak prevantif ki pi difisil yo. Sa a se inovasyon nan travay pandan n ap kreye yon Nouyòk ki pi enklizif pou tout moun."

Komisè Biwo pou Moun ki gen Andikap Devlopmantral nan Eta Nouyòk la, Willow Baer, te deklare, "Anba lidèchip Gouvènè Hochul, n ap adrese difikilte moun ki gen andikap devlopmantral yo rankontre pou jwenn aksè a swen sante konplè nan men yon pwofesyonèl kalifye nan yon anviwònman ki apwopriye pou bezwen yo. Inisyativ tankou ekspansyon Sant Sante Oral nan Fakilte Medsin Dantè Inivèsite Nouyòk (New York University Dentistry, NYU Dentistry) pou Moun ki gen Andikap yo pral ouvri pòt literalman pou moun ki, pandan twò lontan, yo pa t jwenn swen sante ekitab ak kalite siperyè yo merite a."

"Yo te anonse premye prim 5 milyon dola eta a jodi a nan Fakilte Medsin Dantè Inivèsite Nouyòk la pou pwojè yo a ki rele, Konble Mank nan nivo Aksè, Tranzisyon ak Mendèv

(Bridging the Gaps of Access, Transition and Workforce): Ekspansyon Sant Sante Oral nan Fakilte Medsin Dantè Inivèsite Nouyòk pou Moun ki gen Andikap yo." Finansman sa a pral pèmèt NYU kreye yon espas tretman dedye pou timoun ak adolesan ki gen andikap yo, fasilite tranzisyon swen soti nan anfans rive nan laj majè epi amelyore aksè pou moun tout laj. Pwojè modènizasyon an pral gen ladan eleman pou diminye enkyetid ak ekipman dantè espesyalize pou satisfè bezwen pasyan ki gen otis, lòt andikap devlopmantral, ak kondisyon medikal konplèks yo. Espas aksesib pou chèz woulant e ki adapte ak bezwen sansoryèl yo ap kreye tou yon anviwònman ki santre sou pasyan an. Anplis sèvis dantè sa a ki nesèsè anpil nan kominote a, NYU ap fòme tou pwochen jenerasyon dantis yo pou yo pran swen konplè bezwen sante dantè moun ki gen andikap devlopmantral yo.

Dwayen Herman Robert Fox nan Fakilte Medsin Dantè Inivèsite Nouyòk, Doktè Charles Bertolami, te deklare, "Kolèj Dantè NYU a gen yon long istwa ak yon angajman pou amelyore sante oral moun ki andikape yo. Ekspansyon sa a souliye angajman nou pou nou bay swen ki dire pandan tout lavi, pou asire ke jèn moun ki gen andikap yo ka resevwa sèvis yo bezwen yo epi, sa ki pi enpòtan, kenbe yon 'kay dantè' (dental home) pandan y ap grandi rive nan laj majè."

Ofisye Anchèf pou Moun Andikape nan Eta Nouyòk yo, Kim Ridley, te deklare, "Antanke Ofisye Anchèf pou Andikape nan Nouyòk, mwen te temwen plizyè fwa kijan Sant Sante Oral nan Fakilte Medsin Dantè Inivèsite Nouyòk pou Moun ki gen Andikap yo vrèman espesyal. Yo kreye yon bagay ki vrèman remakab, yon kote timoun ak granmoun ki andikape ka resevwa swen dantè konpasyon ak kalite siperyè nan yon anviwònman ki vrèman konprann bezwen yo. Kalite 'kay dantè' dedye sa a toujou twò ra, epi li fè yon vrè diferans nan lavi moun. Mwen kontan anpil ke envestisman Gouvènè Hochul nan Klinik Sante Andikap Rejyonal yo pral ede elaji travay enpòtan sa a Se egzakteman kalite pwogrè nou bezwen wè plis nan tout Nouyòk."

Ekspansyon nan NYU Dentistry a pral gen ladan uit nouvo sal tretman, prèske double kantite zòn klinik dedye a swen pou andikap, ki pral pèmèt NYU elaji sèvis dantè pou Vil Nouyòk ak zòn ki antoure yo a plis pase 3,300 pasyan pedyatrik ki gen andikap chak ane. Yo estime ke plis pase 50 pousan pasyan yo pral moun ki itilize sèvis OPWDD yo, ak jesyon swen ki enkli ladan pou asire kontinite swen an.

Senatè Eta a, Samra Brouk te deklare, "Chak pasyan merite swen konplè ki fèt pou satisfè bezwen yo, sitou manm kominote nou yo ki istorikman pa jwenn ase sèvis. Mwen felisite Gouvènè Hochul ak Biwo pou Moun ki gen Andikap Devlopmantral (OPWDD) la paske yo investè nan pwogram nan tout eta a, tankou sa yo ofri pa Inivèsite Rochester, Asosyasyon Paralizi Serebral nan Rochester (Cerebral Palsy Association of Rochester), ak Rochester School of the Holy Childhood (Lekòl Sen Anfans nan Rochester) ki konble diferans ki genyen ant bezwen ak aksè pou vwazen nou yo."

Senatè Eta Kristen Gonzalez te deklare, "Twòp moun ki gen andikap pa gen aksè ak bezwen swen sante debaz tankou swen dantè. Sant Sante Oral NYU pou Moun ki gen

Andikap la adrese bezwen sa a lè li kreye yon sant tretman aksesib epi li fòme pratikan yo sou fason pou sèvi popilasyon sa a. Mwen felisite NYU pou investisman 5 milyon dola sa a epi mwen remèsye Gouvènè Hochul ak Biwo pou Moun ki gen Andikap Devlopmantral la paske yo rekonèt enpòtans pou elaji swen sante oral pou moun ki gen andikap yo."

Manm Asanble Jo Anne Simon te deklare, "Moun ki andikape yo souvan rankontre baryè lè y ap eseye jwenn aksè ak swen sante debaz, soti nan mank enstalasyon aksesib rive nan founisè ki pa resevwa fòmasyon pou satisfè bezwen yo. Investisman tankou sa yo ede elaji swen espesyalize, kreye espas tretman akeyan ak aksesib, epi asire plis Nouyòkè resevwa swen sante ki gen kalite siperyè. Mèsi, Gouvènè Hochul, paske ou fè investisman pou amelyore aksè ak swen sante pou moun ki gen andikap yo."

Manm Asanble Keith Powers, te deklare, "Mwen fyè anpil dèske mwen te goumen pou finansman eta pou Sant Sante Oral NYU Dentistry pou Moun ki gen Andikap yo - epi mwen kontan anpil dèske yo te akòde li. Gen yon gwo diferans nan aksè ak swen dantè pou moun ki gen andikap yo, akòz mank biwo aksesib ak dantis ki resevwa fòmasyon pou trete pasyan ki gen pwoblèm fizik oswa konpòtmantal. Sibvansyon 5.48 milyon dola sa a pral elaji sant lan pou ede asire ke moun ki andikape yo ka jwenn swen yo bezwen an san yo pa oblije refere yo nan sal operasyon lopital pou pwosedi senp."

Prezidan Minisipalite Bronx, Vanessa L. Gibson, te deklare, "Aksè ak swen sante espesyalize ki gen kalite siperyè pa ta dwe janm depann de kòd postal ou, epi investisman sa a pèmèt nou pwoche pi pre estanda sa a. Fanmi atravè Bronx yo gen lontan depi y ap fè fas ak defi pou yo jwenn swen pou pwòch yo ki gen andikap devlopmantral, epi finansman sa a reprezante yon pwogrè siyifikatif nan direksyon yon sistèm ki pi reyaktif e ki pi enklizif. Ekspansyon operasyon nan Klinik Dantè ADAPT Bronx la pral asire ke plis rezidan Bronx, sitou timoun ak jèn yo, ka resevwa swen ki gen kalite siperyè, ki konpetan nan domèn kiltirèl nan yon anviwònman ki bay sipò. Mèsi Gouvènè Kathy Hochul pou lidèchip ak angajman kontinyèl li pou fè pwomosyon ekite nan domèn sante ak bay resous ki fè yon vrè diferans nan kominote nou yo."

Prezidan minisipalite Manhattan, Brad Hoylman-Sigal, te deklare, "Pandan twò lontan, Nouyòkè ki gen andikap devlopmantral yo te fè fas ak baryè reyèl pou jwenn aksè a swen sante debaz, soti nan yon mank founisè espesyalize rive nan etablisman ki pa fèt pou sipòte bezwen yo. Investisman sa a se yon etap enpòtan pou fèmen twou vid sa yo lè yo elaji aksè, modènize anviwònman swen yo, epi amelyore kalite sèvis ki disponib yo. Pou Manhattan, amelyorasyon sa yo pral fè yon diferans tanjib pou fanmi ki twò souvan rete deyò nan sistèm swen sante nou an. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul ak patnè eta nou yo paske yo priyore ekite nan sante."

Anplis aplikasyon pou klinik dantè yo, klinik Atik 16 yo ak klinik Atik 28 yo, ki gen ladan Sant Dyagnostik ak Tretman, Sant Sante Kalifye nan Nivo Federal (Federally Qualified Health Centers, FQHC), Sant Sante Riral (Rural Health Centers, RHCs), ak klinik ekstansyon lopital endepandan (sit ki pa sou kanpis la), te kalifye pou aplike pou

Demann Aplikasyon OPWDD a. Aplikan yo te kapab pwopoze pwojè kapital ki amelyore aksè ak kalite sèvis swen sante fizik (pa egzanp, medikal, dantè, enfimyè, terapi fizik, terapi okipasyonèl, patoloji lapawòl ak langaj).

Pi ba la n ap jwenn yon lis konplè benefisyè prim yo ak pwojè yo pa rejyon:

Vil Nouyòk

- **Sant Sante Kominotè Metro (Metro Community Health Centers): \$1,343,962** – "Pwojè Renouvèlman Sante Dantè ak Konpòtmantal"
- **New York University (NYU): \$5,477,832** – "Konble Mank nan nivo Aksè, Tranzisyon ak Mendèv: Ekspansyon Sant Sante Oral nan Fakilte Medsin Dantè Inivèsite Nouyòk pou Moun ki gen Andikap yo."
- **L'Refuah Medical & Rehabilitation Center (Sant Medikal ak Reyabilitasyon L'Refuah) k ap fè biznis sou non Ezra Medical Center: \$1,826,000** – "Pwojè Ekspansyon Sèvis Dantè Ezra Medical Center (EMC)"
- **Premier Healthcare: \$449,012** – "Elaji ak Amelyore Swen Dantè Enklizif nan Queens pou Kominote Moun ki gen Andikap nan Entèlijans ak nan Devlopman (I/DD Community)"
\$449,012
- **Premier Healthcare: \$424,704** – "Elaji ak Amelyore Swen Dantè Enklizif nan Manhattan pou Kominote Moun ki gen Andikap nan Entèlijans ak nan Devlopman (I/DD Community)"
- **Lopital Inivèsite Staten Island (Staten Island University Hospital): \$1,214,800** – "Amelyore Aksè ak Sèvis Sante Mantal ak Dantè atravè Aplikasyon Espas ki Apwopriye pou Sansoryèl"
- **Pwojè Sante Kominotè (Community Health Project) k ap fè biznis sou non Callen-Lorde Community Health Center: \$8,500** – "Amelyore Aksesibilite nan Klinik Brooklyn nan atravè Enstalasyon Aparèy pou Ouvri Pòt Otomatik"
- **Inite Paralezi Serebral nan Vil Nouyòk (United Cerebral Palsy of New York City) k ap fè biznis sou non ADAPT Community Network: \$197,709** – "Ekspansyon Sal Operasyon Dantè nan Klinik ADAPT nan Bronx la"
- **Betances Health Center: \$219,650** – "Amelyore Aksesibilite ak Swen Enklizif pou Moun ki gen Andikap Devlopmantal"
\$219,650

Long Island

- **Long Island Select Healthcare: \$2,338,753** – "Ekspansyon Aksè nan Swen Sante Entegre nan Rejyon Lès Suffolk"
- **North Shore University Hospital (Lopital Inivèsite North Shore) (Manhasset): \$15,766** – "Ogmante Kapasite Swen Sante Prensipal pou Granmoun pou Moun ki gen Andikap Devlopmantral atravè Aksesibilite pou Chèz Woulant"
- **North Shore University Hospital (Manhasset): \$135,200** – "Amelyore Sèvis Dantè atravè Enplemantasyon Espas ki Apwopriye pou Sansoryèl"
- **Long Island Jewish Medical Center (Sant Medikal Jwif nan Long Island): \$142,900** – "Ogmante Aksesibilite nan Swen Dantè pou Timoun atravè Espas ki Apwopriye pou Sansoryèl"
- **Long Island Jewish Medical Center: \$345,500** – "Ogmante Aksè nan Swen Espesyalize ak Espas ki Apwopriye pou Sansoryèl nan Northwell Health nan Rego Park"
- **Long Island Jewish Medical Center: \$25,621** – "Ogmante Aksesibilite nan Swen Prensipal pou Timoun atravè Espas ki Apwopriye pou Sansoryèl"

Lwès Nouyòk

- **Baker Victory Healthcare Center (Sant Swen Sante Baker Victory): \$194,000** – "Pwojè Amelyorasyon Swen Dantè"
- **State University of New York, Fakilte Medsin Dantè University at Buffalo: \$3,726,824** – "Sant Fakilte Medsin Dantè pou Swen Espesyal nan SUNY UBSDM"

Finger Lakes

- **University of Rochester: \$225,400** – "Souri San Baryè (Smiles Without Barriers)"
- **Asosyasyon Paralezi Serebral Rochester (Cerebral Palsy Association of Rochester) k ap fè biznis sou non CP Rochester: \$25,540** — "Amelyore Aksesibilite pou Sant Dantè pou Familyal CP Rochester a"
- **The Rochester School of the Holy Childhood: \$30,387** – "Mizajou nan Biwo Klinik Atik 16 la"
- **Mozaic Chapter, NYSARC, Inc. k ap fè biznis sou non Mozaic: \$284,320** – "Ekspansyon Klinik Atik 16 nan yon Sant Kominotè Enklizif nan Zòn Riral"

Rejyon Kapital

- **Community Work & Independence: \$45,144** – "Kreye Aksè Enklizif: Amelyore Mobilite ak Konfò Sansoryèl nan Klinik Foothills"

Mohawk Valley

- **Fulton-Schoharie Counties Chapter NYSARC, Inc. k ap fè biznis sou non The Arc Lexington: \$238,920 – "Pwopozisyon Atik 16"**

Mid-Hudson

- **The Center for Discovery (Sant pou Dekouvèt la): \$448,533 – "Sant pou Dekouvèt la: Amelyore Swen Sante pou Moun Ki Gen Andikap Devlopmanal yo"**
- **Enstiti pou Devlopman Imen nan Westchester (Westchester Institute of Human Development): \$1,197,380 – "Ogmante Aksè nan Sèvis Sante ak Sèvis Dantis pou Moun ki gen Andikap nan Devlopman"**
- **NYSARC, Inc., Ulster, Greene, Putnam Counties Chapter k ap fè biznis sou non The Arc Mid-Hudson: \$392,932 – "Sèvis Klinik Amelyore nan Arc Mid-Hudson"**
- **Cornerstone Family Healthcare: \$204,221 – "Retabli Aksè nan Swen Dantis pou Kominote Moun ki gen Andikap yo nan New City, NY"**

Nouyòk Santral

- **NYSARC, Inc., Onondaga County Chapter k ap fè biznis sou non Arc of Onondaga: \$533,042 – "Pwojè Sante AkseAbilite"**
- **East Hill Family Medical k ap fè biznis sou non East Hill Medical Center: \$1,863,092 – "Pwojè Ekspansyon Sant Medikal East Hill la"**

North Country

- **United Cerebral Palsy Association of the North Country k ap fè biznis sou non Cerebral Palsy Association of the North Country: \$1,134,070 – "Ekspansyon Sal Dantis ki konsantre sou IDD – Ogdensburg FQHC"**

Joann Mostovoy, ki se yon Rezidan nan Eta Nouyòk, te deklare, "Te gen yon epòk kote menm yon vizit senp te mande gwo medikaman, epi egzamen apwopriye ak radyografi te ka fèt sèlman anba anestezi jeneral. Kounye a, Victor kapab fè yon egzamen epi netwaye dan l — yon bagay nou te panse ki te enposib anvan. Ekip la fè plis pase sa yo mande, trete l avèk diyite, pasyans, epi yon konpreyansyon pwofon sou bezwen li yo. Depi lè ou antre epi ou wè sal sansoryèl dènye kri a nan sal datant lan, li klè ke sa a se yon kote ki vrèman pran swen moun—anvan menm ou antre nan sal

egzamen an. Si sèlman te gen kote konsa atravè peyi a—tout timoun ak granmoun ki gen bezwen espesyal merite nivo swen sa a."

Luisa Henriquez, ki se yon Rezidan nan Eta Nouyòk, te deklare, "Aprè yon eksperyans twomatik anvan, Liam pa te vle ouvri bouch li pou okenn dantis. Lè nou te rive nan NYU, plan mwen sete pou Liam pran sedasyon paske mwen te kwè toutbon vre pa t gen okenn lòt fason. Dantis nan sant lan, Doktè Serena Simone, te mande l dousman si l te ka eseye travay avè l an premye, menmsi se jis jwe epi bati konfyans. Sa ki te pase aprè a se yon bagay mwen p ap janm bliye: Liam te pèmèt li travay nan bouch li epi fè tout pwosesis la san sedasyon. Kounye a Liam santi l alèz e an sekirite chak fwa li ale kay dantis. Anviwònman nan sant lan enkwayab — li òganize, li bay sipò, epi li fèt yon fason ki vrèman ede timoun yo santi yo kalm e yo konprann yo."

Konsènan NYU College of Dentistry

Fonde an 1865, NYU College of Dentistry se pi gwo lekòl dantè nan Etazini, li edike prèske 10 pousan dantis nan peyi a. Misyon NYU Dentistry a se pou l kolabore ak etidyan yo pou yo rive nan ekselans akademik, bay pi bon swen sante oral, epi angaje l nan rechèch, bousdetid, efò kreyatif, ak sèvis pou amelyore sante popilasyon trè divès nan Vil Nouyòk ak atravè lemond.

NYU Dentistry sèvi Nouyòkè tout orijin, kèlkeswa kapasite oswa andikap yo, epi avèk ouvèti Sant Sante Oral NYU Dentistry pou Moun ki gen Andikap an 2019 la, li vin tounen youn nan pi gwo founisè swen sante oral ki gen kalite siperyè pou moun ki andikape nan Eta Nouyòk. Vizite dental.nyu.edu pou aprann plis.

Konsènan OPWDD

Biwo Eta Nouyòk pou Moun ki gen Andikap Devlopmantral (OPWDD) yo bay sipò ak sèvis bon kalite ki santre sou moun pou moun ki gen andikap devlopmantral yo, sa gen ladan andikap entelektyèl, paralezi serebral, sendwòm Down, twoub espèk otis, ak lòt andikap newolojik. OPWDD bay sèvis dirèkteman ak atravè yon rezo plis pase 400 founisè san bi likratif. Misyon OPWDD se ede moun ki gen andikap devlopmantral yo viv lavi ki pi rich ki gen ladann relasyon ki gen sans, bon sante, kwasans pèsònèl, ak yon kay nan kominote pa yo. Pou plis enfòmasyon, vizite www.opwdd.ny.gov oswa konekte avèk nou sou [Facebook](#), [Twitter](#), ak [Instagram](#).

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voyer tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)